# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–10 सितम्बर 2026** **भोजपुरी समाचार**

सर्वोच्च न्यायालय नाबालिकन के सोसल मीडिया अउरी डिजिटल प्लेटफारम के इस्तेमाल बदे सुरक्षा उपाई क मांग करे वाली याचिका पर सुनवाई कइले पर सहमति जतवले हवे।

**याचिका में 18 वर्ष से कम उम्र के बच्चों के साथ किसी भी डिजिटल प्लेटफॉर्म को अनुबंध करने से रोकने की मांग की गई है। मुख्य न्यायाधीश सूर्यकांत और न्यायमूर्ति जॉयमाल्य बागची तथा वी. मोहना की पीठ ने एक गैर–सरकारी संगठन की याचिका पर केंद्र और अन्य पक्षों को नोटिस जारी किया। याचिका में कहा गया है कि बाल यौन शोषण संबंधी सामग्री पर रोक के लिए कड़े कानून होने के बावजूद, इंटरनेट प्लेटफॉर्म ऐसी सामग्री की स्वचालित निगरानी और उपयोगकर्ताओं की उम्र की पुष्टि की पर्याप्त व्यवस्था नहीं कर रहे हैं। याचिका के अनुसार, फेसबुक और स्नैपचैट जैसे प्लेटफॉर्म 13 वर्ष की उम्र से खाते बनाने की अनुमति देते हैं, जबकि भारतीय कानून में 18 वर्ष से कम उम्र के व्यक्ति नाबालिग माने जाते हैं। समाचार कक्ष से रितेश।**

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु स्वतंत्रता संग्राम सेनानी, देस कै पूर्व गृह मंत्री आ प्रदेस क पहिला मुख्यमंत्री भारत रत्न पंडित गोविंद बल्लभ पंत क एक सौ ओन्तालीसवां जयंती कार्यक्रम में सामिल भइलें। येह दौरान उहां के लखनऊ में उपके मुरती पर फूल चढ़ा के सरधांजलि दिहलीं। सथहीं मीडिया से बतियावत मुख्यमंत्री श्री योगी भारत रत्न पंडित गोविंद बल्लभ पंत के व्यक्तित्व आ कृतित्व पर रोसनी डरलें।

**उत्तर प्रदेश सरकार और उत्तर प्रदेश की जनता जनार्दन की ओर से मैं पंडित गोविंद बल्लभ पंत जी की 139वीं पावन जयंती के अवसर पर उनकी स्मृतियों को नमन करता हूँ और विनम्र श्रद्धांजलि भी अर्पित करता हूँ। पंडित गोविंद बल्लभ पंत जी एक महान अधिवक्ता थे, स्वाधीनता संग्राम सेनानी थे। 1925 में काकोरी ट्रेन एक्शन में ब्रिटिश हुकूमत के द्वारा क्रांतिकारियों के खिलाफ जो अभियोग दर्ज हुआ था, उस अभियोग के खिलाफ क्रांतिकारियों की पैरवीध्पैरोकारी पूरी मजबूती के साथ करने वाले जो महान नेता थे, वह पंडित गोविंद बल्लभ पंत जी थे।**

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के पचीस बरिस के लगतारे सेवा काल पूरा भइले के उपलक्ष्य में प्रदेस में सतरह सितम्बर से सतरह अक्टूबर ले सेवा संकल्प अभियान चलावल जाई। येही क्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु भाजपा कै प्रदेस अध्यक्ष आ केन्द्रीय वित्त राज्य मंत्री पंकज चौधरी अउरी प्रदेस महामंत्री संगठन धर्मपाल के साथे बइठक कइ के अभियान के तइयारियन क समीक्षा कइलें। बइठकी में मुख्यमंत्री कहलें कि सेवा संकल्प अभियान के जरिया से प्रधानमंत्री के पचीस बरिस कै सेवा काल कै जनकल्याणकारी उपलब्धियन, नीतिगत सुधारन आ देस–प्रदेस में आइल बदलावन के जन–जन ले पहुंचवले के सथहीं हर नागरिक के विकसित भारत क राष्ट्रीय संकल्प से जोड़ल जाई। बइठकी के दौरान मुख्यमंत्री सज्जो प्रभारी मंत्रियन के जिलन आ अपने–अपने विधानसभा में जा के तइयारियन क समीक्षो कइले क निरदेस दिहलें।

**********

उत्तर रेलवे, वाराणसी –लोकमान्य तिलक टर्मिनल के बिच्चे फेस्टिवल स्पेसल ट्रेन चलवले क फैसिला लिहले हौ। ई बिसेस ट्रेन बाइस अक्टूबर से बारह नवम्बर ले हर बियफे के चलावल जाई। हमरे जौनपुर प्रतिनिधि बतवलें कि ई ट्रेन वाराणसी से राति एक बजि के पैंतीस मिनट पर रवाना हो के रतिये में दुइ बजि के पैंतीस मिनट पर जौनपुर सिटी रेलवे स्टेसन पहुंची।

**********

उत्तर प्रदेश माध्यमिक शिक्षा परिषद के ओरि से यूपी बोर्ड के हाईस्कूल कै मूल्यांकन प्रणाली में बदलाव कइल गइल बा। एगो रिपोर्ट–

**बोर्ड के सचिव भगवती सिंह ने बताया कि विज्ञान, गृह विज्ञान में आंतरिक मूल्यांकन की व्यवस्था समाप्त कर दी गई है। बोर्ड खुद 30 नंबर की प्रैक्टिकल की परीक्षा लेगा, जबकि अन्य विषयों में पुरानी व्यवस्था लागू रहेगी। यानी मार्कशीट में ग्रेड के साथ प्रैक्टिकल के नंबर भी दिखेंगे। पहले मूल्यांकन 5 प्वाइंट स्केल ग्रेडिंग प्रणाली के आधार पर होता था, जिसे अंक पत्र में ग्रेड के रूप में दर्ज किया जाता था। समाचार कक्ष से अरूण।**

**********

उत्तर प्रदेश माध्यमिक शिक्षा परिषद, सैक्षिक सत्र दुइ हजार छब्बीस–सत्ताइस बदे कक्षा नौ आ इग्यारह क अग्रिम पंजीकरण आ हाईस्कूल–इण्टरमीडिएट के परीक्षा फार्म भरले क आखिरी तारीख बढ़ा दिहले हौ। अग्रिम पंजीकरण येह समय–सीमा से पहिले तेरह सितम्बर तय रहल, जे के बढ़ा के तीस सितम्बर कइ दीहल गइल बा। येही तरियन हाईस्कूल–इण्टरमीडिएट बोर्ड परीक्षा फार्म भरले क आखिरी तारीख के एक सितम्बर से बढ़ा के अट्ठाइस सितम्बर कइल गइल हौ।

**********

प्रदेस के कई जिलन में रूकि–रूकि के बरखा क सिलसिला जारी बा। बरखा अउर बान्हन से पानी छोड़इले के नाते प्रदेस क करीब छब्बीस जिला अबहिनों बाढ़ि से परभावित हवें। सज्जो जगहिनि पर राहति आ बचाव कार जारी बा। मौसम विभाग के मोताबिक राज्य के जियादेतर पूरबी आ पच्छिमी जिलन में अगिला दुइ दिन ले गरज–चमकि के साथे बरखा भइले क सम्भावना बा।

**********